

Jidisyè Nyoudjèze



Refòm Jistis Penal Kesyon yo mande pi souvan

**Criminal Justice Reform
Frequently Asked Questions - Haitian**

Pou plis enfòmasyon konsènan refòm jistis penal Nyoudjèze ale sou:
<https://www.njcourts.gov/courts/criminal/reform.html>

Kisa yo rele refòm jistis penal?

Refòm jistis penal reprezante yon chanjman fondamantal nan kijan tribinal Noudjèze pwosese akize ak dosye yo. Le 1ye janvyè 2017, leta pase de yon sistèm ki te prensipalman baze sou yon sistèm ki te apiye pa libète sou kosyon monetè a yon sistèm ki baze sou ris ki pi objektif, ki pwomouvwa sekirite piblik epi ki pi jis pou akize yo paske li pa gen pou wè ak kapasite yo pou peye yon kosyon monetè. Nouvo lwa a etabli tou, tan limit pou prezante yon akizasyon nan yon delè konvnan ak dispozisyon tout akizasyon kriminel akize ki nan prizon yo.



Kisa ki bay nesans a refòm jistis penal la?

Transformasyon sistèm penal nou an se yon kolaborasyon tout le twa pouvwa gouvènman yo. Li pran nesans de travay ki fèt nan Komite parite Jistis Penal la, yon komite espesyal Tribinal Siprèm la ki etabli pa Dwayen Jistis Stuart Rabner pou analize tout koze refòm kosyon ak jijman san delè. Komite a te konpoze de Minis Lajistis, Avoka la Defans Piblik, Jij yo, komisè gouvènman yo, avoka ladefans, administratè tribinal yo, reprezantan lejislati yo, ak reprezentan Unyon Libète Sivil Ameriken. Komite a devlope ak emèt yon seri de rekomandasyon ke yo enkòpore nan lejislasyon istorik sa a. Tout elektè yo apwouve yon chanjman konstitisyonèl an novanm 2014 ki vin rantre an vigè le 1ye janvyè 2017 pou pèmèt jij yo kenben akize gwo ris yo an detansyon san kosyon.

Pou Kisa Noudjèze ap refòme sistèm jistis penal li a?

Sistèm jistis penal la baze sou de prensip; Sa ki di ke endividi akize de yon krim inosan toutotan yo pa pwouve yo antò epi ke yo gen dwa konstitisyonèl a yon jijman san delè.

Sou sistèm refòm la, kote jij yo fikse yon montan pou kosyon, tout akize ki pòv yo ki pa reprezante ris gwo danje oswa posibilite pou yo ta mawon pafwa rete chita nan prizon konte paske yo pa kab menm peye yon ti kosyon modès.

Youn nan rechèch yo revele ke apeprè 12 pousan nan popilasyon prizon konte Noudjèze a rete an detansyon paske yo pat kab peye kosyon de \$2,500 ou mwens. Plis de de tyè akize endijan sa yo se manm gwoup rasyal ak kilti minoritè.

Annatandan sou ansyen lwa a, tout akize ki gen byen yo te kab peye kosyon a epi soti an libète menm si yo reprezante yon gwo ris ke yo ta ka mawon oswa danje pou piblik la.



Sou refòm jistis penal sa a, jij yo va evalye nivo ris chak akize reprezante ak enpoze kondisyon pou libète yo. Jij yo va itilize yon zouti evalyasyon ris ki deja teste ak valide ak done de mil ka reyèl nan Noudjèze a. Jij yo va konsidere faktè kankou laj akize a, le yo te arete li, akizasyon ki peze kont li a, dosye kriminèl li ak si okenn nan ka sa yo te gen zak vyolans, ou si li pa konparèt nan tribinal ak tout santans li janmè resevwa yo.

Ak enfòmasyon sa a, chak akize a va gen yon klasifikasyon de ti ris, ris modere, gwo ris epi yo ta ka lage yo sou kondisyon san nesosite pou li peye yon kosyon monetè. Akize yo ta detèmine antan ke danjre ap rete an detansyon san kosyon jis jou jijman a.

Tribinal la va pran yon desizyon konsènan libète anvan jijman nan konparisyon inisyal la ka va fèt nan 48 lè apati di moman ke yo arete akize a e ke yo metel an detansyon nan prizon konte a. Amwens ke komisè gouvènman a ta mande detansyon li, tribinal fèt pou li pran yon desizyon konsènan libète akize a nan moman sa a.

Kijan yo pral siveye moun ki sou libète pwovizwa anvan jijman?

Yon Pwogram sèvis anvan jijman ka va genyen plis de 200 ofisye libète pwovizwa anvan jijman atravè tout leta a va responsab siveyans akize yo ki soti annatandan jijman yo, yon sistèm ki sanble sistèm federal la ak yon seri de lòt jirisdiksyon. Pout tout akize ki reprezante ti ris, sa ka vle di yon senp kout fil oswa teks pou raple yo ke yo fèt pou konparèt nan tribinal.

Ofireamezi ke ris la ogmante, ya va ogmante sou siveyans la. Ofisye yo va asire yo ke akize yo okouran de tout konparisyon a lavni, ya va notifiye tribinal la de tout vyolasyon kondisyon libète pwovizwa yo, epi tou pafwa inisye pwosesis pou revoke libète pwovizwa a.

Kisa yo rele refòm konsènan jijman san delè?

Anvan le 1ye janvyè 2017, leta pat gen lwa ni règleman konsènan jijman san delè, ki vle di ke gen de ka ki te kon pran dezane pou yo rive nan jijman apati de moman arestasyon a. Nouvo lwa jijman san delè a aplike pou tout akize ki tap konfwonte detansyon anvan jijman.

Eleman jijman san delè a etabli limit sou kantite tan yon akize kab an detansyon anvan jijman. Nouvo lwa a prevwa twa limit byen spesifik sou koze jijman san delè a:

- Di moman yarete akize a jiska prezantasyon prezantasyon akizasyon fòmèl la: Pa plis de 90 jou anvan pou prezante oswa devwale akizasyon fòmèl la.
- Apati de prezantasyon akizasyon fòmèl la a jijman: Pa plis de 180 jou pou ka a prezante nan jijman. Jij la kab akòde tan adisyonèl si komisè gouvènman a ta prezante yon petisyon pou mandel.
- Apati de prezantasyon akizasyon fòmèl la a jijman a: De lane aprè yo fin emèt lòd detansyon a, eskli delè ki ta fèt pa ladefans, rive a komansman jijman a.

La lwa pèmèt ekstansyon tan pou tout petisyon ki fèt anvan jijman, odyans sou koze kapasite mantal, negosyasyon pledwari kilpabilite, konsantman tout de pati yo, ak lòt lè ki pa konte.



Dwayen Tribinal la
Stuart Rabner

“Sistèm kosyon ki an plas la pa jis pou akize ki pòv yo, jis paske yo pakab peye kosyon, yo separe de fanmi yo, epi yo kab pèdi travay yo. Konsènan akizasyon ki prezante kont yo, anpil etid demontre ke yap fè fâs a de negosyasyon sou deklarasyon kilpabilite ki pi difisil ak presyon pou yo plede koupab poutèt tan yo deja piye nan prizon, epi tou yo resevwa santans ki pi long an konparezon ak lòt akize ki nan menm sitiyasyon avèk yo ki te jwenn mwayen pou peye kosyon.”



Stuart Rabner
Dwayen Tribinal la
Chief Justice

Glenn A. Grant, J.A.D.
Direktè Administratif Pwovizwa Tribinal yo
Acting Administrative Director of the Courts

me 2017

njcourts.gov
12058-Haitian
